


# Mbootaayu Wër-gu-yaram :

## Fagaru ak jàppalante ngir gëna wér




Noonu...
Ummi, Yow yaay juroomeelu nit ki may diis tey sama soxla.
Yàlla xam na ni, dërëm bu ma la mëna lebal, yorewuma ko fi ma nekk nii !
Sali dem ca tëgg ba.
Sa lamu wurus bii dey, ñeenti junni donn laa ci mën. Mënuma lu ko ëpp.
Mënuma koo bañ, amuma pexe.
Fekkna, Moodu ci boppam...
Fey naa la juroom-benni junni.
Duma la sax tontu !
Ba ñu demee ba ca kanam, ca lopitaal ba...
Wanteer naa sama xar ma ci juroom-benni junni.
Ey man! su ma xamoon lii !
Ca birob jàpplekatu njaboot ba...
Jotunoo mëna dajale xaalis bi ci war. Ndax dinga nu mëna may àpp bu nu ko feye ?
Mën na nekk de, wante nag, cib diir bu gàtt.
ASSISTANTE SOCIALE
Cëy Yàlla! Fu nu jëm ak mbir mii ?
...Waaw, lu léen teree taxawal ab mbootaayub wér-gu-yaram ci séen koñ, nga xam ni moo léen di dimbali ëllëg su ngeen bëgee faju
Xanaa mënoo ñow sunu koñ, waxtaane ko fa ?
Sali daldi dem ca seen koñ, nettali ko ay dëkkandoom.
Dama daje ca lopitaal, akub jàpplekatu njaboot bu ma xelal ni mën nanoo taxawal ab mbootaayu wër-gu-yaram ci koñ bi.


Benn bés, Madam Joob mi nekk jàpplekatu njaboot bi, ñow ca koñ ba, ñu woo ko cib jotaayub yeete.
Mbootaay mi, mbooloo la moo xam ni, ñi ko taxawal, dañoo bëgga gàddul seen bopp seen mbiru wér-gu-yaram, ci xaalis bu ñuy natt.
Xanaa kon, Mbootaayu jàpplante ak tontiin benn lañu ?
Déedéed! Mbootaay mi, fagaru ak dimbalante moo ko taxa jog. Ñéppay teg, wante ñiy feebar dohh lay gàddu...
Mbootaayu wér-gu-yaram mën naa dimbal nit ciy anam yu bare: Ci faju, ci wasin, ci antare lopitaal, ci njëndum garab, ak yeneen... Ndimbal yooyu, ñu gi aju ci soxla yu tiis yi ak ci kàttani waa mbootaay mi.
PHARMA
Ku feebarul nag ? Ndax dinañu ko delloo tegam ?
A! déedéed! Kenn xamul kañ ngay feebar. Looloo waral fagaru bi am ci solo.
Madam Joob wax na dëgg. Nañu sos sunu mbootaayu wér-gu-yaram
Waaw ! Man, dey bokk naa.




Ba ñu taxawalee Mbootaay mi batey, wér-gu-yaramu waa Njaayeen dafa gëna jëm kanam.



## Mbootaay mi :

aarukaayu nekkinu njaboot gi la.

Stratégies et Techniques contre l'Exclusion sociale et la Pauvreté (STEP)
Bureau international du Travail (BIT)
B.P. 414, Dakar, Sénégal
tél./fax : (+221) 8251125
e-mail : step_afr@ilo.org / step@ilo.org

Impression : Imprimerie TANDIAN
Tél : 820.06.80 Yoff

© Organisation internationale du Travail, Dakar, 1999
Département de la Sécurité Sociale